

# Pou Komanse – Oganizasyon Metye

## Getting Started - Career Planning



Li pa fasil pou chèche travay. Ke ou fèk parèt nan mache travay lan oswa ou ap chèche travay depi lontan, ou bezwen yo gide ou pou konnen ki wout pou pran pou ka jwenn travay ou vle an. Ki metye ki enterese ou? Eske ou ap chèche yon travay nan metye ou genyen kounyea oswa eske ou vle chanje metye?

Sa yo se kèk kesyon pou ou reponn pandan ou ap komanse demach pou chèche yon lòt travay. De gen motivasyon a evalye bi metye ou yo, fèy enfòmasyon sa pral dekri kèk demach anjeneral ki pral ede ou adrès opsyon travay ou yo ak kreye pwòp bon plan metye pa w.

### Rete Motive

Rete pozitif se youn nan preyorite ki plis enpòtan pou rechèch travay ou an gen siksè. Mèn, kenbe yon bon atitid ka vreman difisil pandan yon epok tranzisyon. Kite yon travay, swa li volontè oswa envolontè, se yon gwo desizyon. Mèn kèk sijesyon pou ede ou fè fas a chanjman sa epi rete motive:

**Kenbe imaj tèt ou pozitif**—Li difisil pou pa pran refi pèsònèlman. Sepandan, sonje ke layòf [layoff] ak jwenn travay jouwe sou anpil faktè ki preske pa gen anyen pou wè avèk ou pèsònèlman. Reziste tantasyon pou ou move ak tèt ou epi eseye pou pa mize twop sou ekspesans negatif ki fèt nan le pase. Bay tèt ou yon rekonpans pou aktivite rechèch travay pozitif epi bay tèt ou yon bagay pou gen espwa.

**Travay ansanm ak lòt moun**—Pa izole tèt ou. Si ou gen pwoblèm pou aksepte ke ou pèdi travay ou, pale de sa ak fanmi w, zanmi w, yon konseye travay oswa moun nan menm sityasyon an. Nan moman sa kominikasyon trè enpòtan. donk trete l kouwè se yon travay foultyim ke ou genyen.

**Fòk ou oganize/byen jere tan ou**—Oganize aktivite ou gen chak jou ak chak semèn kouwè yon pati plan rechèch travay ou an. Kenbe eskedil la pou ke ou pa jis mete de kote demach enpòtan yo oubyen ap pedi tan nan reflichi ki pwochenn bagay pou fè. Chèche yon bon travay mande ou devwoue 40 ètan pa semèn, donk trete l kouwè se yon travay foultyim ke ou genyen.

**Pran bonjan swen sante ou**—Manje bon manje epi fè egzesis pral fè ou santi ou emosyonèlman byen epi li pral ba ou resous yo pou ka byen fè rechèch travay ou an miyo.

**Examinen bidjè ou**—Ou pral gen plis kontwol si ou konnen konbyen lajan ou ap bezwen pou souviv. Gade depans ou epi gade kisa pou fè pou redwi depans ou yo. Si li ta nesèsè, chèche yon moun pou ede w nan kontwole bodwo yo. Chèche nan zòn lakay ou pou atelye jere bidjè oswa sèvis konsèy.

**Sonje avantaj ki genyen nan travay**—Lè ou sonje rezon poukisa ou renmen travay pral motive ou pou jwenn yon lòt travay pi vit. Pandan ou ap planifye rechèch travay ou an, make benefis ke ou ap genyen deske ou jwenn travay lan—pa egzanmp, lajan ou pral fè ak benefis yo; isaj pozitif konesans ou; ou pral gen plis konfyans nan tèt ou; epi chans pou rekont lòt moun.

### Evalye “Pwòp” Metye Ou an

Souvan moun ki pap travay komanse gade piblisite travay nan journal epi pou yo ekri rezime yo ankò san ke yo pa kanpe pou evalye kisa yo vreman vle nan pwochen djòb yo. Kisa ki enterese ou? Ki kalite anvivonman travay ou ta renmen? Ki konesans ou genyen? Se sèlman atravè elvaliyasyon tèt ou ke ou ka reponn kesyon sa yo, k ap pèmèt acheve bi travay ou.

**Bezwen ou ak Entere ou yo**—Detèminen prefrans pèsonèl ou ak kisa ou bezwen nan yon travay. Mande tèt ou ki kondisyon k ap egziste nan anviwonman travay ideyal ou an, kòm eskedil ou an, jan ou pral rive nan travay ou, ak salè a. Pa egzanmp, si gen pwoblèm kote pou kite pitit ou, ou ka vle yon travay ki gen yon eskedil fleksib epi ke ou pa oblije vwayaje anpil.

Kwayans [Valè] Travay ou—Efikasite ou nan djòb ou afekte direktman a anviwonman travay la. Donk, konsidere ki kalite kwayans travay ki enpòtan a ou menm. Eske ou akselere nan travay pou kont ou oswa ansanm ak lòt moun? Eske ou grangou pou stimilasyon oswa repetisyon nan travay la? Kote ou “plase” nan konpanyi a enpòtan pou ou efikas ak kontan kòm yon anplwaye.

**Konesans Ou**—Li nòmal pou konsantrè sou yon ekspèyans byen detèmine ke ou te jwenn nan ansyen travay ou an. Sepandan, sonje ke tout konesans ak akomplisman ou yo, enkli ak sa ou jwenn nan lòt aktivite kòm staj, travay volontye oswa pas tan ou yo. Gen anpil konpetans ki pa aplike sèlman pou yon gren djòb, mèn ki aplike a plizye kalite domèn. Kòm egzanmp, yon moun k ap byen jere yon kay gen konpetans administrasyon ak oganizasyon, mèn si se pa nan yon konpanyi yo vin gen ekspèyans sa.

#### **Aprann Konnen Mache a**

Deske ou konsidere bezwen travay ou, li enpòtan pou evalye bezwen konpanyi lokal yo. Ki metye ke demann lan ap ogmante? Ki vizyon endistri a genyen nan kominote ou an? Ki kalite travay ki ranpli sa ki entere ou yo? Mèn kèk konsèy pou fè rechèch sou metye ki ranpli kondisyon vi pèsonèl ou an.

- Idantifye moun k ap travay nan metye ki entere ou an epi pale avèk yo.
- enfòmasyon okipasyonèl ak salè.
- Ekri asosyasyon pwofestonèl pou plis enfòmasyon sou chwa metye ou an.
- Visite konpanyi lokal.
- Jwenn yon travay pattym oswa ekspèyans volontye.

Apa nan kote pou ou chèche, li enpòtan pou konsidere ki kalite enfòmasyon pou gade lè w ap fè rechèch sou metye w. Chèche pou fè swivan yo:

- Yon rezime deskripsyon metye an, enkli a tach kotidyen yo;
- edikasyon oswa fòmasyon ki obligatwa;
- konesans oswa entere ki obligatwa;
- salè pou komanse, ranje salè a ak benefis yo;
- orè travay lan; zouti, mateyo oswa machinn yo sèvi;
- echèl metye an; epi
- nenpòt ki lòt metye ki an relasyon avèk li.

#### **Vreman Devouwe Ou**

Planifikasyon rechèch travay ou an mande plis ke jis voye yon lèt entwodisyon oswa ranpli yon aplikasyon pou travay lan. Li pran anpil planifikasyon, rechèch ak devouman. Job Search Journal MDCS ak lòt piblikasyon disponib nan MassHire Career Center sa. Atelye disponib tou pou ba ou plis enfòmasyon nan kijan pou kreye plan metye ou an.

Yon konpanyi opotinite egal/pwogram. Asistans ak sèvis oksilyè disponib a moun ki enfim depi yo mande pou yo. Pou sèvis transmisyon pou moun ki soud, rele 1-800-439-0183 oswa 711.